

# *Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè* *Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national

BP 1572

Port-au-Prince Haïti 6110

Tel / Fax 222 78 99

[justicepaixha@yahoo.com](mailto:justicepaixha@yahoo.com)

[jilap.national@forumcitoyen.org.ht](mailto:jilap.national@forumcitoyen.org.ht)

[www.forumcitoyen.org.ht/jilap](http://www.forumcitoyen.org.ht/jilap)

## **Nòt pou Laprès**

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè reponn prezan pou obsèvasyon dezyèm tou eleksyon lejislatif yo ak plis pase 1100 obsèvatè e plis pase 200 komisyon lokal atravè peyi a.

Komisyon an di li pa konprann fason KEP la sanble mete obsèvatè nasyonal yo ak mandatè pati politik yo nan menm sak. Obsèvatè nasyonal yo, se KEP la limenm ki akredite yo ak yon badj pou chak obsèvatè apa ; li pa dwe patizan parapò ak okenn nan kandida yo ki sòti nan diferan pati politik yo ; kantite obsèvatè sa yo deja tou limite. Mandatè pati politik yo menm, se pati politik yo ki voye yo ; yo reprezante yon pati politik pou veye si pa gen magouy k ap fèt ki ta nan dezavantaj pati politik yo reprezante a. Konsa, nou pa konprann tout limit KEP la ap mete pou obsèvatè nasyonal yo kapab genyen aksè nan biwo vòt yo.

Komisyon an mande KEP la ankò yon fwa pou ta genyen plis transparans nan moman yo fè kontaj rezilta vòt yo ki soti nan diferan biwo ak sant yo. Li mande pou yo pibliye rezilta chak biwo vòt apa sou entènèt. Konsa, chak moun ki vle, kapab verifye si sant tabilasyon an enskri rapò BV yo yon fason kòrèk. Posiblite kontwòl sa a pa t la nan premye tou a.

Komisyon an mande pou KEP la peye tout sa l dwe moun ki t ap travay nan biwo vòt yo nan premye tou a pou pèmèt dezyèm tou a kapab fèt nan bon kondisyon. Se sa jistis la mande.

Komisyon ankouraje tout kandida yo ki nan dezyèm tou a pou yo respekte nèt Kòd Etik la pati politik yo te siyen depi anvan premye tou a ; epi pou yo refize tout vyolans nan langaj yo ak nan aksyon yo poze yo. Se pi gwo kontribisyon yo kapab bay pou mete sou pye demokrasi ak yon Leta dedwa nan peyi a.

Komisyon an repete divès pwopozisyon li gen tan fè nan lèt toulouvri li te voye bay KEP la nan dat 14 fevriye 2006. Yon fason espesyal Komisyon an te mande :

- pou yo konsidere ka moun ki pa konn li ak ekri yo pi byen ;
- pou komunikasyon KEP la anndan aparèy elektoral la ni ak popilasyon an tou ta fèt yon fason ki pi klè ;
- pou yo ta fè finalman edikasyon sivik la kòm sa dwa.

Pou Komite Direktè Nasyonal la.

11 avril 2006